

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data ngeunaan frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati, bisa dicindekkeun kieu.

Frasa barang jembar nya éta wanguan frasa disawang tina unsur-unsur kecap anu jadi pangwangan. Frasa barang jembar sakurang-kurangna diwangun ku tilu kecap.

Tina hasil analisis data kapanggih 112 frasa barang jembar, anu frekuensina makéna aya 122 kali. Éta frasa barang jembar téh dipasing-pasing dumasar kana (1) hubungan gramatik antarunsurna frasa barang jembar, (2) adegan frasa barang jembar, (3) patali harti antarunsurna frasa barang jembar.

- a. Hubungan gramatik antarunsurna frasa barang jembar kapanggih aya 3 rupa, nya éta (1) frasa barang jembar koordinatif aya 35 kali (28,69%), (2) frasa barang jembar apositif aya 1 kali (0,82%), jeung (3) frasa barang jembar atributif aya 86 kali (70,49%).
- b. Adegan frasa barang jembar kapanggih aya 21 pola, nu ngawengku 9 pola frasa barang jembar koordinatif, 1 pola frasa barang jembar apositif, jeung 11 pola frasa barang jembar atributif.
- c. Patali harti antarunsurna frasa barang jembar kapanggih aya 8 rupa, nya éta (1) ‘jumlah’ aya 34 kali (27,87%), (2) ‘pamilih’ aya 1 kali (0,82%), ‘sasaruaan’ aya 1 kali (0,82%), ‘pangétré’ aya 38 kali (31,15%), ‘milik’ aya 11 kali (9,01%), ‘tujuan’ aya 6 kali (4,92%), ‘panangtu’ aya 29 kali (23,77%), ‘pamungkir’ aya 2 kali (1,64%).

## 5.2. Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngan ukur nganalisis frasa barang jembar tina wangun tinulis wungkul, can aya nu ngagarap sacara lisan. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén nu nalungtik frasa barang jembar dina widang karya sastra atawa dina widang lianna, boh wangun lisan boh wangun tinulis sangkan hasilna leuwih akurat jeung répréséntatif.
- b. Ieu panalungtikan frasa barang jembar téh kakara dianalisis tina segi hubungan gramatik, adegan, jeung patali harti antarunsurna, can

dikaitkeun kana bahan pangajaran. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén anu ngagarap frasa barang jembar anu leuwih lega ambahanana pikeun bahan pangajaranana.

